# IX. ТОВАРЛАР ҲӘМ ХЫЗМЕТЛЕР БАЗАРЫ

2018 жыл январь-сентябрьда усақлап сатыў товар айланбасы 3006,6 млрд. сўмды қурады ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 105,5 пайызға өсти.

**Хожалық жүритиўши субъектлердиң мүликшилик формалары бойынша усақлап сатыў товар айланбасы**

| | *млрд. сўм* | *2017жыл январь-сентябрьға салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| **Жәми** | **3006,6** | **105,5** | **100,0** |
| *соннан мүликшилик формалары бойынша:* | | | |
| мәмлекетлик мүлики | 1,3 | 86,8 | 0,1 |
| мәмлекетлик емес мүлик | 3005,3 | 105,4 | 99,9 |
| *соннан:* пуқаралардың жеке мүлики | 1959,4 | 111,3 | 62,2 |

Ири саўда кәрханаларының усақлап сатыў айланбасы көлеми 2018 жыл январь-сентябрь айларында 1047,2 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 96,0 пайыды қурады.

Жеке тәртиптеги исбилерменликтиң жәми усақлап сатыў көлеми 2018 жылдың январь-сентябрь айларында 1959,4 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 111,3 пайызға өскен.

**2018 жыл январь-сентябрьда усақлап сатыў айланбасы қурамы**

| | *млрд. сўм* | *2017жыл январь-сентябрьға салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| **Усақлап сатыў товар айланбасы** | **3006,6** | **105,5** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| саўда кәрханалары | 1047,2 | 96,0 | 34,8 |

| | *млрд. сўм* | *2017жыл январь-сентябрьға салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| жеке тәртиптеги исбилерменлик | 1959,4 | 111,3 | 65,2 |
| *соннан:* шөлкемлестирилмеген сектор (қәлиплестирилмеген саўда хызмети) | 192,7 | 102,2 | 9,8 |

Улыўма аўқатланыў тараўының товар айланбасы 93,7 млрд. сўмға жетти ямаса 2017 жыл январь-сентябрьға салыстырғанда 10,1 пайызға өсти.

Усақлап сатыў (улыўма аўқатланыў хызметин қосқан ҳалда) халықтың жан басына есаплағанда 4,0 пайызға асты ҳәм 1623,7 мың сўмды қурады (2017 жыл январь-сентябрь айларында 1297,1 мың сўмды қураған).

2018 жыл январь-сентябрьда базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 3212,3 млрд. сўмды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 855,2 млрд. сўм ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 26,6 пайызын қурады. 2017 жыл январь-сентябрьға салыстырғанда өсим пәти 112,2  пайызды қурады.

**2018 жылдың январь-сентябрында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд. сўм* | *2017 жыл январь-сентябрьға салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| **Жәми хызметлер** | **3212,3** | **112,2** | **100,0** |
| *соннан: хызмет түрлери бойынша:* | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 247,6 | 113,4 | 7,7 |
| финанслық хызметлер | 407,2 | 140,0 | 12,7 |
| транспорт хызмети | 911,5 | 113,6 | 28,4 |

| | *млрд. сўм* | *2017 жыл январь-сентябрьға салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 498,0 | 105,6 | 15,5 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 99,1 | 110,0 | 3,1 |
| саўда хызметлери | 814,3 | 104,1 | 25,3 |
| көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 112,4 | 103,1 | 3,5 |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 140,1 | 122,3 | 4,4 |
| ден саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 35,5 | 102,6 | 1,1 |
| ижара ҳәм прокат хызметлери | 73,0 | 112,1 | 2,3 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 110,5 | 101,8 | 3,4 |
| басқа жеке хызметлер | 132,0 | 102,4 | 4,1 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 36,8 | 118,3 | 1,1 |
| басқа түрдеги хызметлер | 92,3 | 100,7 | 2,9 |

Хызметлер курамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 28,4 пайызы), саўда (26,6 пайыз) хызметлерине туўры келди.

Сондай ақ, финанслық хызметлер (140,0 пайыз), билимлендириў тараўындағы хызметлер (122,3 пайыз), архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер (118,3 пайыз), транспорт хызмети (113,6 пайыз), байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети (113,4 пайыз), ижара ҳәм прокат хызметлери (112,1 пайыз) өсим пәти жоқары болды.

**2018 жыл январь-сентябрьда экономикалық хызмет түрлери бойынша базар хызметлери ислеп шығарыў**




Усы жыл январь-сентябрь айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлеминде транспорт хызметлери ең үлкен үлести ийелеген болып, 911,5 млрд. сўмды қураған, 2017 жылдың тийисли дәўирине (2017 жылда 626,6 млрд. сўм) салыстырғанда 13,6 пайызға өскен, сондай ақ, көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери – 814,3 млрд. сўм (2017 жылда – 606,1 млрд. сўм), финанслық хызметлер – 407,2 млрд. сўм (2017 жылда 260,3 млрд. сўм) ҳәм билимлендириў тараўындағы хызметлер – 140,1 млрд. сўм (2017 жылда – 97,4 млрд. сўм) есабына туўры келди.